



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, BUFFALO BILLS, AK KONTE ERIE ANONSE KÒMANSE KONSTRIKSYON NOUVO ESTAD FOUTBÒL MODÈN BUFFALO BILLS LA**

*Pwojè estad la make pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan istwa rejyon Lwès New York la- avèk yon enpak ekonomik 1.6 milya dola yo prevwa pou 30 ane*

*Konstriksyon nouvo etablisman 60,000 syèj la prevwa fini an 2026*

*Pwojè a pral kreye 10,000 travay konstriksyon pou travayè sendika atravè Akò Travay Pwojè a*

*Reprezantasyon grafik pwojè yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul, pwopriyetè Buffalo Bills la, Terry Pegula, Egzekitif Konte Erie a MarkPoloncarz, ak Komisè NFL la Roger Goodell te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nouvo estad modèn ki koute 1.54 milya dola Bills la nan Orchard Park. Nouvo etablisman 60,000 syèj la, ki fèt pa Bill ansanm ak [Legends](#) ak fim achitektirèl Populous, make pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan istwa Lwès New York avèk yon enpak ekonomik 1.6 milya dola yo prevwa pou 30 ane ak kreyasyon 10,000 travay konstriksyon sendika. Konstriksyon nouvo estad la prevwa fini an 2026. Ou ka wè reprezantasyon grafik pwojè a [isit la](#).

"Kòm yon natif Boufalonyen ak yon fanatik Bills pou tout lavi, mwen konnen ki sa ekip sa a vle di pou vil ak rejyon sa a an jeneral," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kòmanse travay nan yon bèl nouvo estad, n ap selebre yon nouvo epòk pou rejyon sa a ak pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ki pral benefisye. Avèk pwojè sa a, Bills — ak Eta New York — ap fè yon pran yon angajman dirab anvè moun ki nan Lwès New York yo".

**Pwopriyetè Bills la, Terry Pegula, te deklare,** "Felisitasyon, fanatik Bills yo. Nou tout konnen Bills se sèl ekip ki reyèlman, fizikman jwe nan Eta New York, epi nou trè fyè de sa. Estad nou pral bati a pa pral sèlman yon nouvo kay pou jwè ak antrenè nou yo, men tou pou fanatik nou yo. Estad sa a se yon patenarya piblik, prive, NFL, epi mwen rele li, yon patenarya fanatik yo."

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** "Jodi a se akimilasyon anpil ane travay. Diskisyon ki mennen nan sa n ap fè isit la jodi a - inogirasyon konstriksyon yon nouvo estad - reyèlman te kòmanse anpil ane de sa. Mwen rekonesan pou patnè solid ak angaje yo ki te sou tab la pandan negosyasyon yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak ekip li a ki soti nan Eta New York. Mèsi tou ak Terry ak Kim Pegula, tout òganizasyon Bills la, ak NFL pou angajman yo anvè kominote nou an epi paske yo asire yon afè ki jis pou tout moun. Jodi a make fen yon chapit nan istwa sa a, ak kòmansman yon lòt. Istwa ap fèt, epi kounye a yo ap plase fiti a nan men gason ak fanm ki nan metye konstriksyon lokal nou yo. Se pou ou fyète de travay ou, epi konnen ke OU bati kay ekip Bills la. Pwochèn jenerasyon an isit la epi kounye a, epi li pare pou bouje ak Josh Allen ki vize pote yon chanpyona bay Buffalo nan nouvo estad modèn nou an sou plas sa a menm. Mwen fyè dèske m fè pati ekip k ap trase chemen an pou sa, epi nan non tout Konte Erie, mèsi ak tout moun ak Go Bills!"

**Komisè NFL, Roger Goodell, te deklare,** "Kòm yon timoun nan rejyon Lwès New York, sa ban m anpil fyète pou mwen isit la jodi a. Mwen te nan anpil seremoni inogirasyon nan tan pa mwen nan NFL la. Men, pa gen youn nan yo ki gen plis sans pase vini isit la jodi a. Sa a se yon kominote ekstrawòdinè. Yo merite yon estad ekstrawòdinè, epi ou pral jwenn li. Epi mwen panse kòm yon Nouyòkè ki soti nan Lwès, ke nou tout pral fyè. Li pral non sèlman yon gwo estad, men li pral plen ak fanatik enkwayab."

Nouvo estad anplennè a pral konstwi anfas Highmark Stadium ki egziste a, ki te konstwi an 1973, e ki gen ladan l plizyè gwo amelyorasyon sou etablisman estad ki egziste deja a. Li pral ajoute karakteristik pou kontwòl move tan, ki gen ladan gwo chofaj radyan ak yon vout ki kouvri 65 pousan nan syèj yo, pou bay pwoteksyon kont move tan. Eksteryè estad la pral gen ladan tou sit rasanbleman eksperyans fanatik amelyore pou fanatik yo, espektatè yo, ak manm kominote ki antoure a kapab itilize.

Pwojè estad la prevwa kreye 10,000 djòb konstriksyon epi yo pral bati ak travayè sendika dapre yon Akò Travay Pwojè (Project Labor Agreement, PLA) ke Konsèy Metye Batiman Buffalo a te dakò.

An 2022, Gouvènè Hochul te anonse akò istorik sou estad piblik-prive a, ki gen ladan yon investisman 600 milyon dola Eta New York ki pral rekipere atravè taks ak aktivite ekonomik ekip la jenere. Dapre akò a, Bills ak NFL pral investi 690 milyon dola pou konstriksyon estad la epi Konte Erie pral kontribye 250 milyon dola.

Franchiz Buffalo Bills la se yon motè ekonomik ki pwouve pou rejyon Buffalo ak eta a. Bills jenere 27 milyon dola chak ane nan enpo dirèk sou revni, vant ak itilizasyon taks pou Eta New York, Konte Erie ak Buffalo. Yon [analiz ekonomik](#) Empire State Development ak AECOM te jwenn ke, pandan peryòd lwaye 30 ane nouvo estad la, yo prevwa revni yo ap grandi anpil epi yo pral akimilasyon plis pase 1.6 milya dola nan enpak ekonomik. Anplis de sa, etid la te jwenn ke estad la ta gen yon enpak ekonomik rejyonal ki plis pase 385 milyon dola chak ane pliske fanatik ak espektatè ki soti toupatou nan New York, Etazini, ak Kanada patwone biznis lokal yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Fantastik Buffalo Bills yo ap selebre yon gwo viktwa ak kòmansman konstriksyon yon nouvo estad modèn. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul la, ekip la te reyngaje Buffalo ak kominote a pou plizyè deseni. Jodi a tou te make yon viktwa pou travayè sendika lokal yo, ak 10,000 djòb k ap kreye pou travayè ki fyè dèske yo fè pati pwojè estad istorik la."

**Senatè Eta a Patrick M. Gallivan te deklare,** "Buffalo Bills gen yon istwa long ak fyè nan Lwès New York epi nouvo estad sa a asire yon avni briyan pou ekip la ak fanatik li yo. Pwojè sa a pral sipòte tou plizyè milye travay konstriksyon epi li pral gen yon enpak enpòtan sou ekonomi lokal la pou plizyè ane k ap vini yo. Mwen fyè pou m reprezante Konte Erie, Vil Orchard Park ak nouvo kay Buffalo Bills la nan Sena Eta New York la."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Buffalo Bills anrasinen nan tisi gwo rejyon nou an, epi nouvo estad sa a pral asire yo ke yo kontinye rele Lwès New York lakay yo, tout sa nan yon espas modèn ki vrèman amelyore eksperyans fanatik yo. Gwo travay sa a pral gen yon gwo enpak ekonomik epi kreye plizyè milye travay, pandan y ap debloke nouvo opòtinite pou kwasans rejyonal ak nan tout eta a. Mwen pa ka tann pou mwen wè plizyè vwayaj nan Super Bowl la ki pral grave nan nouvo estad nou an; nou pa ka tann 2026 rive."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare,** "Sa a se yon jounen ki vrèman enpòtan pou fanatik Bills yo isit la nan Lwès New York ak atravè mond lan. Jwè yo ak fanatik yo pral kapab fè eksperyans ak yon estad modèn epi an menm tan nou te asire prezans Bills nan Lwès New York pou anpil deseni k ap vini yo. Konbine sa ak yon akò benefis kominotè yo ak plizyè milye travay konstriksyon, epi nou gen yon pwojè eksepsyonèl pou kominote nou an. Mwen remèsye tout moun ki enplike yo pou lidèchip yo ak travay di yo nan fè pwojè sa a vin yon reyalyte. Ale Bills!"

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Sa a se yon opòtinite ki ive yon fwa nan yon jenerasyon pou rejyon nou an. Inogire yon nouvo estad Buffalo Bills bay chans pou itilize depans lokal yo ak travay enklizif ki ka maksimize enpak rejyonal li. Mwen pa ka tann pou mwen kontwole pwogrè konstriksyon ak kapasite li pou chanje lavi pou pi bon. Felisitasyon pou Pegula Sports & Entertainment pou dènye chanpyona Buffalo Bandits la, mwen ansanm ak Bills Mafia parèy mwen yo ap tann chans nou an ak enpsyans. Ale Bills!"

**Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare,** "Se pa yon sekre ke espi fanatik Bills la anrasinen nan tisi vil nou an ak rejyon nou an. Envestisman Eta New York nan yon estad modèn pou Buffalo Bills montre angajman li pou kenbe foutbòl NFL la nan Buffalo, ak kwayans li nan potansyèl pwojè a pou yon enpak ekonomik transfòmatif nan Lwès New York."

**Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Fantastik Bills yo kontan wè konstriksyon an kòmans nan nouvo estad la. Nouvo estad sa a pral amelyore

eksperyans jounen jwèt la pou patisipan yo epi asire Bills rete nan Buffalo pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Egzekitif Konte Poloncarz paske yo rive jwenn akò istorik sa a pou pi gwo fanatik nan NFL la."

**Manm Asanble Karen McMahon te deklare,** "Mwen konnen mwen rejwenn fowl fanatik Buffalo Bills la atravè Lwès New York pou selebre aboutisman yon pwosesis ki long pou rive jodi a - inogirasyon yon nouvo estad. Non sèlman sa a kenbe ekip nou renmen anpil la nan kominote nou an pou plizyè deseni k ap vini yo, pwosesis konstriksyon an pral kreye plizyè milye djòb sendika, epi dinamize ekonomi lokal ak eta nou an. Mwen pa ka tann kòmansman premye sezon estad la an 2026, ak anpil lòt sezon k ap vini yo."

**Manm Asanble Bill Conrad te deklare,** "Sa a se yon moman san dout ki pwomèt pou Lwès New York, an gran pati paske pwojè sa a ap kreye plizyè milye bon djòb sendika nan metye konstriksyon, pou ane k ap vini yo. Epi mwen asireman rejwenn baz fanatik Bills yo - ki pi fidèl nan lig la - nan selebre angajman alontèm ekip la an vè Buffalo."

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare,** "Bills la ki rete nan Buffalo ak Konte Erie se gwo bagay pou kominote nou an. Buffalo Bills la se yon pati enpòtan nan kilti ak ekonomi isit la nan Vil Bon Vwazinaj la ak atravè rejyon an. Nouvo estad foutbòl modèn Buffalo Bills la pral yon gwo adisyon nan rejyon nou an epi l ap ede ranfòse lespri ekip nou an. Ale Bills!"

**Prezidan Kòporasyon Estad Konte Erie, Robert Duffy, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m temwen moman enpòtan sa a nan istwa rejyon nou an. Seremoni inogirasyon nouvo estad Buffalo Bills la make yon etap enpòtan, ki reprezante non sèlman kwasans ak devlopman ekip nou renmen anpil la men tou vitalite ekonomik li pral pote nan kominote nou yo. Etablisman modèn sa a pral sèvi kòm yon fa nan espri spòtif, ini fanatik ki soti toupre ak byen lwen, epi ankouraje yon santiman fyète nan rejyon nou an. Nou prevwa yon ogmantasyon touris, ogmantasyon opòtinite travay, ak yon ekonomi lokal dinamik kòm estad anblemantik sa a vin tounen yon kote rasanbleman pou moman pasyonan ak souvni presye. Chanm Komès Greater Rochester a fyè pou l kanpe ansanm ak patnè nou yo, Buffalo Bills, pandan n ap anbake nan vwayaj ekstrawòdinè sa a ansanm."

**Prezidan Konsèy Metye Batiman Buffalo a, Paul Brown, te deklare,** "Pandan nou ka pa jwe sou teren an, gason ak fanm k ap travay di nan Konsèy Metye Batiman Buffalo a fyè dèske yo fè pati ekip ki fè pwojè enteresan sa a vin yon reyalite. Fanmi sendika nou yo pral montre ak fyète epi di pitit yo ak pitit pitit yo ke travay kalifye yo non sèlman te ede konstwi yon estad modèn, men tou te ede konstwi yon kominote ki pi solid epi ki pi ini."

###